



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/23/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NÈF BATO PATWOUY TE AFEKTE NAN AJANS
LOKAL YO KAP FÈ RESPEKTE LALWA POU AMELYORE SEKIRITE BATO
TOUPATOU NAN ETA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke nèf patwouy bato te afekte nan ajans lapolis lokal ak eta pou ede nan efò maren kap fè respekte lalwa yo toupatou nan eta.

“Apati Lake George pou rive nan Long Island Sound, New York se kay kèk nan pi bon lwazi bato nan peyi a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo bato sa yo ap ede kenbe vwa navigab New York yo ansekiritem pandan lap amelyore sekirite pou tout operatè bato yo ansanm avèk pasaje yo nan sezon sa.”

“Mwen rekonesan pou patnè lapolis lokal nou yo paske yo ede ankouraje bato lwazi ansekirite toupatou nan New York,” **te deklare Komisyonè Rose Harvey, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik.** “Amatè bato lwazi yo ka jwe patisyon yo nan sonje ke yo dwe pran kèk prekosyon senp alavans – sa ki gen ladan yon jilè sovtaaj ak pran klas sou sekirite bato – ka ede asire ke yon vwayaj amizan apati kòmansman jis nan finisman an.”

Bato patwouy ane sa te afekte a:

- Depatman Konsèvasyon Anviwonman Lapolis
- Park Lapolis Eta New York, rejyon Thousand Islands
- Lake George Park Commission
- Depatman Cherif Konte Hamilton
- Depatman Cherif Konte Chautauqua
- Depatman Cherif Konte Saratoga
- Biwo Maren Konte Suffolk
- Vil Huntington Harbor Master
- Vil Southampton Bay Constable

“Sekirite tout moun ki jwi dlo New York yo konpwomèt lè bato yo fonksyone nan yon fason ki pa responsab,” **te deklare Komisyonè DEC pa entèrim Basil Seggos.**

“Plezansye bato yo dwe okouran de tout bon jan kalite mezi sekirite ak prekosyon ke yap pran pandan ke yo sou dlo a. Bato, trelè ansanm avèk ekipman ki gen rapò yo se fason ki komen tou pou pwopaje espès akwatik anvayisan yo. Yap fè amatè bato yo sonje ke genyen règleman eta ki aplikab e ki anplas ki egzije pou pwopriyetè yo netwaye ekipman yo nan nenpòt plant kolant ak materyèl animal epi drene bato yo

anvan lansman nan teren yo ke DEC jere."

Bato Brunswick "Justice", te evalye nan apeprè \$78,000 pou rive nan \$150,000 dola te posib grasa Sport Fish Restoration ak Boating Trust Fund ki te administre pa Gad Kot. Ajans lapolis lokal yo pral itilize bato patwouy yo pou amelyore sekirite bato lwazi yo epi ranfòse lwa sou navigasyon nan Eta New York.

Depite Steve Israel te deklare, "Bato patwouy Long Island sa yo pral amelyore sekirite ak pwoteksyon amatè bato Long Island yo ansanm avèk fanmi yo pandan ete sa a. Map travay pou m pase pwojè lwa mwen an, Lwa sou Okipasyon Bato ak Anseyman Sekirite (BOATS), pou bay sibvansyon pou anseye sekirite bato pou piblik la. Ansanm, tout nivo nan gouvènman ak patnè lokal yo ka travay ansanm pou asire ke rezidan Long Island yo gen resous pou kenbe fanmi yo ansekirite sou dlo ete sa a."

Depite Lee Zeldin te deklare, "Bon jan kalite sekirite bato esansyèl pou anpeche pèt lavi ak blesi. Yon nouvo bato patwouy pou Vil Southampton pral ede avèk efò pou asire sekirite amatè bato lokal yo."

Lòt rapèl sou sekirite Kanotaj ak navigasyon plezansye gen ladan:

- Yo ankouraje fòtman tout moun pou yo pote yon aparèy flotasyon pèsònèl kèlkeswa lè yo sou dlo. Lwa eta mande pou timoun yo ki anba laj 12 zan mete yon aparèy flotasyon pandan yo nan yon bato. Egalman, tcheke tanperati a anvan ou ale sou dlo pou aprann plis sou posib tanpèt epi chècheabri touswit nan rivaj si ou tande zèklè.
- Konnen kapasite w epi pran prekosyon lè genyen van vyolan oswa stab kap kreye gwo vag, oswa lè ou nan kouran ki fò. Si wap fè kanotaj nan dlo kote ki genyen bato a motè, rete dwat nan litoral la epi andeyò chanèl prensipal yo. Egalman, kanotye ak plezansye bato yo ta dwe byen netwaye, drene epi seche bato a motè yo pou evite espès anvayisan pwopaje.

Semèn Nasyonal sou sekirite bato se yon kanpay ki patwone pa Konsèy National Seirite Bato pou pwopaje mesaj sekirite bato epi ankouraje edikasyon amatè bato yo. Yap fè amatè bato yo sonje pou yo pratike navigasyon bato nan fason ki responsab ak ansekirite, sa ki gen ladan mete yon jilè sovta; konplete yon kou sou sekirite bato; ekipe komsadwa epi enspekte bato yo; kenbe yon vitès pridan; ak absteni pou pa melanje alkòl avèk plezans bato. Pou jwenn plis enfòmasyon sou sekirite bato – enkli yon lis kou sou sekirite bato – ansanm avèk lwazi marin nan Eta New York, vizite www.nysparks.com/recreation/boating.

Kanotye yo ta dwe pran aksyon pou asire ke bato, trelè ak ekipman yo pa gen espès anvayisan akwatik:

- Vizyèlman enspekte bato, trelè ansanm avèk lòt ekipman bato epi retire tout labou, plant ak lòt òganis ki ka kole sou li. Elimine materyèl yo nan youn nan Estasyon Espès Anvayisan yo ke yo te enstale nan anpil

lansman bato, nan fatra oswa nan yon lokasyon mòn ki lwen de ranp lansman.

- Degoute kal bato a ansanm avèk nenpòt lòt konpatiman ki kenbe dlo tankou pwi dirèk, pwi apa, ak rezèvwa nan kal bato a. Sa a pa aplike a dlo ki gen rapò avèk sistèm sanitasyon oswa rezèv dlo potab.
- Yo rekòmande fòtman pou yo seche bato yo men li pa obligatwa anba nouvo règleman yo. Kanotye ki pa kapab seche bato yo ant itilizasyon yo ta dwe degoute kal la ansanm avèk lòt konpatiman ki kenbe dlo, preferableman nan yon tanperati 140 degre Fahrenheit. Fòm laval mikwoskopik nan espès anvayisan akwatik, tankou moul zebra ak kladosè epine, ka viv tankou nan yon gout dlo. Pou asire ke òganis sa yo pa pwopaje aksidantèlman, yo ta dwe seche tout bagay ki kenbe dlo, degoute oswa dezenfekte avèk dlo cho pou asire ke espès anvayisan akwatik yo pa pwopaje.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou AIS ak rekòmandasyon sou dezenfeksyon isit la sou sit entènèt DEC la nan <http://www.dec.ny.gov/animals/48221.html>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418